



Pentucket Lake Elementary

PWOGRAM ANVAN AK APRÈ LEKÒL

2025-2026

Boys and Girls Club

Kontak: 978-374-6171 Ext. 100 oswa frontdesk@haverhillbgc.org

Pwogram apre lekòl la se pou laj 6-18. Klib la bay pwogram enteresan, anrichisman akademik, yon repa cho chak jou, anplwaye ankourajan, ak yon anviwònman akeyan ak an sekirite. Pitit ou a ap gen opòtinite pou patisipe nan anpil aktivite epi aprann nouvo ladrès chak jou.

HPS Discovery Club

Kontak: Krista Lamontagne, Director, nan 978-420-1955 oswa krista.lamontagne@haverhill-ps.org

Konsantre prensipal la se bay sipò akademik ak sosyal ak aktivite anrichisman elèv ki defavorize ekonomikman oswa ki gen lòt faktè risk. Entansyon an se pou ede elèv sa yo vin egal ak kamarad klas yo pou yo ka jwenn opòtinite yo pa genyen.

YMCA

Kontak: Cathy Wolf, Senior Director of Childcare Services, nan 978-478-5009 oswa wolfc@northshoreymca.org

Pwogram anvan/apre lekòl la ofri yon anviwònman edikatif amizan ki ede elèv yo devlope konfyans nan tèt yo, amitye, valè pozitif, ak siksè akademik. Aktivite yo gen ladan aktivite STEAM, tan devwa, aktivite sosyal-emosyonèl/konstriksyon ekip, ak aktivite fizik/anrichisman. Timoun ki anrejistre yo resevwa vin manm Y gratis pou jèn yo. Yo ofri swen tou pandan vakans lekòl, jou nèj, ak mwaye jou. [Link to flyer.](#)

YWCA

Kontak: Amy De Simone nan 978-374-6121 oswa adesimone@ywcanema.org

Nan YWCA a, nou ofri yon anviwònman ki an sekirite, anrichisan, epi amizan pandan tout ane a pou timoun ki gen laj 5 a 13 an, avèk pwogram ki fèt pou sipòte siksè akademik epi ede timoun yo vin pi angaje ak efikas nan aprann. Sèvis nou yo fonksyone apre lekòl pandan ane akademik la epi yo bay gadri tout jounen an pandan semèn vakans lekòl yo ak pandan ete a. Benefis pwogram nan gen ladan yon ti goute ki bon pou sante apre lekòl, ti goute nourisan nan maten ak nan apremidi pandan ete a ak vakans lekòl yo, transpò yon sèl ale soti nan lekòl pitit ou a rive nan sit YWCA a, èd ak devwa ak anrichisman akademik, ak aksè konplè a enstalasyon YWCA yo tankou pisin konplè nou an ak jimnazyòm nou an.

Pwogram	Orè	Pri	Sèvis Manje	Transpò
Boys & Girls Club 55 Emerson Street	3:15 – 7:00 pm	\$250 pou chak ane	Dine	Soti nan lekòl la - Otobis PM - Paran Vin Chèche
Boys & Girls Kids Club (Nenpòt elèv HPS K-3) Walnut Square	3:00 - 6:00pm	\$25 pa jou, yo aksepte bon EEC	Dine	pou elèv ki pa nan Walnut Square, paran yo ka depoze yo PM - Paran Vin Chèche
Discovery Club	7:45 – 8:45 am 3:15 - 5:15 pm	Gratis SY 25-26	Ti Goute Apremidi	AM - Paran Depoze PM - Paran Vin Chèche
YMCA Pentucket Lake	7:00 - 9:00 am 3:15 - 6:00 pm	Pri fleksib pou fanmi ki kalifye yo	Dine	AM - Paran Depoze PM - Paran Vin Chèche
YWCA 107 Winter Street	3:15 – 6:00 pm	Varye	Ti Goute	Soti nan lekòl la - Otobis PM - Paran Vin Chèche

